Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 9 (6470) 15 февраль 2016 с. Итни Джумадул аввал 1437 с. Багьа 5 гъур.

НИЛЪ – БАРАБ АХІУЛЪГИ АХІАРАБ БОЛЪГИ

## Афгъаналъулазда баркула

1989 соналъул 15 февралалъ лъугІана Афгъанистаналда рагъ. 10 соналъ халат бахъана гьеб. Нилъер районалдаса гІолохъабазги гІахьаллъи гьабуна Афгъанистаналда рагъулал тунка-гІусиязда. БахІарчилъи бихьизабуна гьез интернационалияб налъи тІубазабулаго. 15 февраль лъугьана гьеб рагъда камурал васал ракІалде щвезариялъул къолъун гуребги, Афгъаністаналда бахІарчиго рагъулаб ва гражданлъиялъулаб налъи тІубазабурал гІолохъабазе рецц-бакъ гьабулеб къолъунги.

РакІ-ракІалъ баркула Афгъанистаналдаса аскарал нахъе рачаралдаса 27 сон тІубай. Гьарула гьениб рагъулал тунка-гІусиязда гІахьаллъаразе щулияб сахлъи, халатаб, баракатаб гІумру, хъизаналда талихІ. Хъван батугеги гІолеб гІелалда нужеда бихьараб бихьизе, нужеца хІехьараб рагъул къогІлъи лъазе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев, районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

МУГІРУЗУЛ СОН

## ГІалибег ГІалиев : «ЧІиркъатІа пихъил завод цІигьабизе ккола»

### Дагъистаналъул бетІерасул вакил – бакълъулазул ракьалда

**2016 соналъул 9 февралалда Гумбеталде хІалтІулаб сапаралъ вачІана Дагъистаналъул бетІерасул вакил ГІалибег ГІалиев. Гьоболасда дандчІвай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас. ГІалибег ГІалиевас бакълъулазул жамагІаталъулгун дандчІваял тІоритІана, Дагъистаналъул бетІерасул жамгІияб приемниялда гІадамал къабул гьаруна, социалиял ва цогидалги бакІазде щвана. ГІалибег ГІалиевас абуна Дагъистаналъул бетІерас 2016 сон МугІрузул сонлъун лъазабун бугин ва мугІрузда яшав лъикІлъизабиялъе, республикаялъул мугІрузул районазда цебетІей букІинабиялъе бажарараб хІалтІи гьабизе ккола лилан.**

Бакълъулазул нухмалъулезулгун дандчІвай гьабун хадуб Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул залалда тІобитІана районалъул жамгІияталъулгун дандчІвай. Бакълъулазда цеве кІалъазе вахъарав ДРялъул бетІерасул вакил ГІалибег ГІалиевас гьадин абуна: «Дагъистаналъул бетІер Рамазан ХІажимурадович ГІабдулатІиповас 2016 сон лъазабун буго МугІрузул сонлъун. МугІрузда ругел гІадамазул гІумрудул даража борхизабиялде кІвар кьезе ккола. Гумбет районалда цебегоялдаса ахихъанлъи, хурухъанлъи хІалтІизарула. Амма гьедин гІезарурал нигІматал ричулаго, квалквалал дандчІвалел руго. НигІматал гІезарулезе гьеб рахъалъ кумек гьабизе ккола. ЛъикІаб букІина Гумбет районалдаги МахІачхъалаялдаги гьоркьоб къотІи-къай гьабуни, республикаялъул тахшагьаралда законалда данде кколеб къагІидаялда нигІматал ричизе бакІал кьеялъе».

Дагъистаналъул бетІерасул вакилас районалъул нухмалъулезда абуна ЧІиркъатІа консервал гьарулеб завод хІалтІизабиялъе ресал рагьизе ккелилан. «Советияб




заманалда Дагъистан бахун къватІибехунги машгьураб букІана ЧІиркъатІа консервал гьарулеб завод. Гьелъул продукция унаан Минооборонаялъул хІажалъабазеги. ЦІигьабун гІуцІиялъул соназда гьелъул хІалтІи хьадарлъана ва хадуб гьоркьоб къотІана. Исана МугІрузул соналъ завод къачІаялъе ва цІидасан хІалтІизе биччаялъе тадбирал гьаризе ккола. Завод хІалтІулеб бугони, ахихъабазе хехго пихъ гьенибе кьезе санагІат букІина, хІалтІизе бакІал рукІина, муниципалитеталъе налогал цІикІкІун щвела», - ян абуна ГІалибег ГІалиевас.

Вакилас гьединго жавабал кьуна бакълъулазул суалазе. МелъелтІаса ГІалихан Бегаевас борхана гьеб росулъан унеб республикаялъул кІвараралъул шагьранух цІакъго хун букІиналъул суал ва гьарана гьеб къачІаялъе кумек гьабеян. Бегаевас гьединго борхана районалде газ бачиналъул хІакъалъулъ суалги. Гумбет районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас абуна гьеб нухлул бугеб хІалалъул хІакъалъулъ кагъат битІун бугин Дагъистаналъул нухазул магІишаталъул агентствоялде ва гІарцулал сурсатал риччазе ругилан. Газ бачиналъул масъала борхун букІана районалъул бетІерасулгун Дагъистаналъул бетІер Рамазан ГІабдулатІиповасул дандчІваялда. Республикаялъул нухмалъулес тІадкъай кьуна газ Гумбеталъул централде бачине. ГІалибег ГІалиевас абуна щибаб хІалтІулаб сапаралдаса хадуб жинца республикаялъул бетІерасухъе гІадамаз рорхарал суалалги хъван справка кьолин, бакълъулазул хІажалъаби рихьизарураб баянги кьезе бугилан.

ГІадамал къабул гьарун хадуб маданиябгун сахгьариялъул комплексалда ГІалибег ГІалиевас халгьабуна Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул, искусствалъулшколалъул, гІемерфункциялъулаб гІолилазул централъул хІалтІул, щвана спорталъул залалде, лъедолеб бассейналде, шахматал хІалеб клубалде,

(Ахир-кІиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Сталинград эркен гьабураб къо ракІалде щвезабуна

-2 гьум.



ЮНЕСКОялъ лъазабураб рахьдал мацІалъул къоялде – кучІдул рикІкІиналъул бахІс

-2 гьум.



МухІамадов Чалаби Бекмирзаевич

-3 гьум.



Остерегайтесь осложнения гриппа

- 4 стр.

ВОРЕ ЦІАЛЕ, ЦІАЛЕ, ДИР ЦІОДОР

# 77 цІалдохъанас хІалбихьиялъул ЕГЭ кьуна

### ГІурус мацІалъул экзамен

**МелъелтІа ва Игьали экзамен кьолел пунктазда тІобитІана районалъул гьоркьохъел школазул 11 классазул цІалдохъабазул хІалбихьиялъул ЕГЭялъул экзамен. «ХІалбихьиялъул экзаменалъ щиб бихьизабураб?» абураб суалалъе гьадинаб жаваб кьуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетІерав специалист, ЕГЭ тІобитІиялъул рахъалъ жавабияв Сурхай Сурхаевас:**

- Анкьабилеб февралалда кІиябго пунктазда тІобитІана хІалбихьиялъул гІурус мацІалъул цогояб пачалихъияб экзамен. Гьелда гІахьаллъана 98 цІалдохъан.

Халгьабидал гІахьаллъаразда гьоркьоб 77 цІалдохъанас ЕГЭ кьураблъун рикІкІана. 21 цІалдохъанасда бажаричІо биццун гІодобегІанаб 24 балл босизе.

Гьарадирихъ, Данухъ, Килалъ, Гьоркь Инхо, ЛъаратІа гьоркьохъел школазул цІалдохъабазул цІалуда хадургьей 100 процент ккана.

ЗагІипаб лъайбукІин бихьизабуна ЧІиркъатІа ва ЦІияб Аргъвани гьоркьохъел школазул цІалдохъабаз.

КІиябго пункталда ЕГЭ тІобитІана букІине ккolеб даражаялда. Аудиториялда жанир рукІана гІуцІарухъаби. Пунктазда ЕГЭ тІобитІизе рукІине кколел шартІал гІуцІун рукІана МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул директорасул ишал тІуралев ГІумахан МухІамадрасуловас ва Игьали гьоркьохъеб школалъул директор СагІид МухІамадовас.

**ГІайшат Исламбиева**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦІУМУР

# Къанунал лъаялъул олимпиада

### Бергьана ЛъаратІаса цІалдохъаби

**МелъелтІа гьоркьохъеб школалда, 6 февралалда тІобитІана 10-11 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб правовияб предметалъул олимпиада.**

Олимпиадаялъул хІасилал гьарун 10 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна **ГІали ГІалиевас** – ЛъаратІа СОШ, кІиабилеб бакІ **Ибрагьим ГІабдулкахировас** - Килалъ СОШ, лъабабилеб бакІал **Написат ГІалимирзаевалъ** – ЦІиликь СОШ, **Зайнаб Малачиевалъ** – Игьали СОШ.

11 классазулцІалдохъабазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІалъе **Вали Валиев** – ЛъаратІа СОШ, кІиабилеб бакІалъе **Шахбан СайгидхІусенов -** Гьоркь Инхо СОШ, лъабабилеб бакІалъе **Гьимисултан ГІабдунасиров** – МелъелтІа СОШ ва **ПатІимат ВалихІасанова** – Игьали СОШ - мустахІикълъана.

**ГІайшат Исламбиева**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Сталинград эркен гьабураб къо ракІалде щвезабуна

**Сталинградалъул рагъда немцазулгун фашистазул аскарал советиял аскараз щущахъ риххизарураб къо кІодо гьабун, МелъелтІа росдал маданияб ва хІухьбахъиялъул централда 8 февралалда тІобитІана литературияб-гун музыкалияб композиция. Гьеб тадбир цадахъ гІуцІана МелъелтІа маданияб централъ, росдал библиотекаялъ ва МелъелтІа аслияб школалъ.**

КІалъазе рахъарал библиотекаръ **Умижат Халидовалъ** ва аслияб школалъул мугІалим **Шагьзадай Юсуповалъ** бицана фашистазде данде рагъулаго ва Сталинград эркен гьабулаго, чІахІиязда цадахъ гІисинаб гІелалъги бихьизабураб бахІарчилъиялъул, кьохІехьеялъул.

«Гьал къояз нилъер улкаялъул тІолабго халкъалъ ракІалде щвезарулел руго Сталинградалъе гІоло рагъда хварал ва чІаго хутІарал рагъухъаби. Чанго гІасру анириги, чияр ракьал рахъулездаса ВатІан цІунарал рагъухъаби рекІелъ хутІизе руго», - ян абуна МелъелтІа росдал маданияб ва хІухьбахъиялъул централъул нухмалъулей **ГІазра РурухІмаевалъ.**

Школлъималаз цІалана кучІдул, рихьизаруна сценкаби.

**«Гумбет» РИО**

АВАРАЗУЛ КАЛАМ, ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ

# ЮНЕСКОялъ лъазабураб рахьдал мацІалъул къоялде – кучІдул рикІкІиналъул бахІс

### Данухъа ПатІимат Сайипилаева гІахьаллъизе йиго республикаялъулаб къецалда

**9 февралалда, Гумбет районалъул маданияб кІалгІаялда тІобитІана Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацІалъул къоялда хурхун, «Метер магІарул мацІ хвезе батани, хваги дун жакъаго жаниб ракІ кьвагьун» абураб ахІиялда гьоркь, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул, поэтазул асарал рахьдал мацІалда рикІкІиналъул конкурс. Гьеб тІобитІана районалъул школазул 11 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб. Конкурсалда гІахьаллъана, школалда тІоритІарал конкурсазда призальул бакІал ккурал, 17 цІалдохъан.**



Конкурсалда тІоцебесеб бакІ босана **ПатІимат Сайпилаевалъ** – Данухъ СОШ, кІиабилеб бакІ ккуна **ПатІимат МухІамадовалъ** – МелъелтІа СОШ ва лъабабилеб бакІ **ПатІимат ГІабдурашидовалъ** – Данухъ СОШ.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан бергьаразе кьуна грамотаби ва гІарцулал сайгъатал. Районалъулаб этапалда тІоцебесеб бакІ ккурай ПатІимат Сайипилаевалъ гІахьаллъи гьабизе буго 19 февралалда республикаялда тІобитІизе бугеб конкурсалда.

**ГІайшат Исламбиева**

# ГІалибег ГІалиев : «ЧІиркъатІа пихъил завод цІигьабизе ккола»

**(Байбихьи-тІоцебесеб гьум.)**

районалъул централияб больницаялде, ЛъаратІа росулъ бугеб «Мильирщо» лъималазул ахикье, ЧІиркъатІа консервазул заводалде ва цогидалги социалиябгун экономикияб кІваралъул бакІазде.

Дагъистаналъул бетІерасул вакилас лъикІаб кьимат кьуна районалъул идарабазул ва гІуцІабазул хІаракатчилъиялъе. Гьединго гьес абуна ЧІиркъатІа консервал гьарулеб завод цІидасан хІалтІизе биччаялъе ресал ратеян. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас бицана гьеб предприятие хасал чагІи бетІергьанаб кколин, гьедин букІаниги, районалъул нухмалъулез гьеб къачІаялъе тадбирал гьарулел ругин; Хьаргаби районалъул КІикІуни бугеб консервазул заводалъул дирекциялъулгун гара-чІварниял гьарулел ругин цадахъ рекъон хІалтІиялъул хІакъалъулъ, амма Дагъистаналъул экономикаялъул ва территориалияб цебетІеялъул министерстволъул гарантия хІажалъулилан.

Дагъистаналъул бетІерасул вакилас ракІчІезабуна цере лъурал суалал тІураялъе, цІидасан завод хІалтІизе биччаялъе республикаялъул нухмалъулез кумек гьабизе букІиналда.

**ГІизудинил ХІамзат**

НИЛЪ-БАРАБ АХІУЛЪГИ АХІАРАБ БОЛЪГИ.
РАГЪУХЪАБИ-ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТАЗУЛ КЪОЯЛДЕ

# Афгъанистаналдасааскарал нахъе рачаралдаса – 27 сон

**10 соналъ халатбахъана, гІемерисез мекъаблъун рикІкІараб, Афгъанистаналда рагъ. Гьенире ВатІаналъул тІадкъай тІубазе ритІун рукІана СССРалъул киналго букІназдаса гІолохъабигун цадахъ Дагъистаналдаса 4 азаргоялдаса цІикІкІун гІолохъанчи. Гьезда цадахъ тушманасде данде рагъулезул кьеразулъ рукІана 32 Гумбеталъулаги.**

Араб гІасруялъул ункъоабилел соназда советияб улкаялъул нухмалъиялда рукІаразул ургъичІого рахъарал буюрухъазда рекъон, жидедаго жанисеб питнаялъ кор борхьараб Афгъанистаналде ккана Советияб Армиялда хъулухъ гьабулел рукІарал гьел гІолохъаби. Жидерго рагъулаб налъи гьез киназго намусалда, ракІбацІцІадго, бахІарчиго тІубазабуна.

Афгъанистаналда гІумруялдаса ватІалъана 141 дагъистанияв. Нилъер районалдеги тІел щвана гьеб рагъул. Афгъанистаналда интернационалияб налъи тІубазабулаго гІумруялдаса ватІалъана, десантник - разведчик КъурамухІамадов МухтарахІмад (Аргъваниса). Жидерго гІагараб ракьалде тІадруссун хадур абадияб рукъоре кьокъана, захІматаб рагъул кьогІлъиялъ чорхолъе унтиги ккун, Аргъваниса МухІамадов МухІамадтІамин, ЦІиликьа ИсхІакъов Сапарбег. Даимаб рецц гьезие.

15 февралалда 27 сон тІубала Афгъанистаналдаса советиял рагъухъаби нахъе рачаралдаса. 1989 соналъул гьеб къоялъ гІагараб ракьалде тІадруссана кьо хІехьеялъул, бахІарчилъиялъул, къвакІиялъул мисалалда куцарал нилъер солдатал.

Щибаб кьойил хвалил бадире ралагьун рукІарал, гулбузулги, кьалулги цІаялъулъ лъадарарал афгъанцал жакьа нилъгун руго. Гьел руго Игьалирги, ЦІиликьги, Сивухьги, МелъелтІаги, Ингишорги, Гьоркьа Инхо ва ТІад Инхо, Аргъвани росабалъги. Интернационалияб налъи тІубазе арал гІун бачІунеб гІелалда кидаго кІоченаро. Рагъухъаби – интернационалистазул кьолъун чІезабураб 15 февралалда школлъимал дандчІвала гьеб рагъул гІахьалчагІигун – районцоялгун.

### Сулейманов МухІамадрасул МухІамадтІаминович

**Гьавуна 1966 соналда Гумбет районалъул МелъелтІа росулъ.**



1984 соналда лъугІана МелъелтІа гьоркьохъеб школа. Гьебго соналъул хаслихъе ахІана яргъилал къуватазул кьеразулъе. Хъулухъ гьабуна Афгъанистаналда Кандагар вилаяталда 70 мотострелковияб бригадаялда. ГІахьаллъи гьабуна Пандшер авлахъалда рагъулал тунка-гІусиязда.

МухІамадрасулие щвана хІукуматалъул рахъалдасан «За перевал Саланг», «За верность Отчизне» медалал ва грамотаби.

1986 соналда МухІамад-расул тІадвуссана гІагараб МелъелтІа росулъе ва гьабсагІат хІалтІулев вуго тІабигІат цІуниялъул рахалъ инспекторлъун. Гьев ккола афгъаналъулазул жамгІияб гІуцІиялъул нухмалъулев. Тарбия кьолеб буго 4 лъимералъе.

**«Гумбет» РИО**

НИЛЪ-БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ.
РАГЪУХЪАБИ-ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТАЗУЛ КЪОЯЛДЕ

# Афгъанистаналъул рагъул лъалкIдасан...

## КъурамухIамадов МухтарахIмад Загьирович

**Гьавуна 1965 соналъул 11 ноябралъ Аргъвани росулъ.**

Аргъвани росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун , 1983 абилеб соналъ цIализе лъугьана Краснодар краялъул Благовещенскиялъул техникумалде. Техникумалдасан, жиндирго бокьун, хъулухъ гьабизе ана Советияб Армиялде. ВатIаналъул тIадаб налъи тIубазабизе гьев ккана Афгъанистаналда букIараб Советиял аскаразул гIорхъи чIвараб контингенталде. ГIахьаллъи гьабуна гIемерал рагъулал операциязулъ. 1985 абилеб соналъул, 11 февралалъ, ккараб рагъулаб тунка-гIусиялъулъ МухтарахIмад гIумруялдаса ватIалъана.

Интернационалияб налъи тIубазабулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло мустахIикълъана «БагIараб цIва» орденалъе.

Вукъун вуго Аргъвани росдал хабалалъ. МухтарахIмад вукIана жиндирго



ВатIаналъул унго- унгояв патриотлъун.

Аллагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги.

## МухIамадов МухIамадтIамин ГIабасович

**Гьавуна 1962 соналъул 12 маялъ Аргъвани росулъ.**

Аргъвани росдал школаги лъугIизабун хъулухъ гьабизе ана Советияб Армиялде. Таджикистаналда хехаб рагъулаб хIадурлъиялъул болжалги лъугIизабун, витIана Афгъанистаналде интернационалияб налъи тIубазабизе. ГIахьаллъи гьабуна Афгъанистаналъул батIи-батIиял провинциязда ккарал рагъулал тунка-гIусиязулъ. ВатIаналъул тIалаб тIубазабулаго гьабураб бахIарчилъиялъе гIоло кьун руго хIукуматалъул рахъалдасан шапакъаталги. ВатIаналда цебе тIадаб налъиги тIубазабун, 1982 соналъ, гIагараб росулъе тIадвуссана. 1988 соналъ, захIматаб унтудаса хадув, Аллагьасул къадаралде щвана.Вукъун вуго Аргъвани росдал хабалалъ. МухIамадтIамин вукIана ВатIаналъул унго-унгояв патриотлъун.Аллагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги.



## ГIабдулатIипов СайгидгIали ХIажиевич

**(Афгъанистаналда рукIарал рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчи. Май 1980-1982 сонал)**

Гьавуна 1960 соналъул 1 октябралъ Гъоркьа Гьарадирихъ росулъ.

8 классги лъугIун хадув цIализе ана Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалде. ЛъикIал кьиматазда школаги лъугIизабун, 1980 абилеб соналъ, жиндиего бокьун, хъулухъ гьабизе ана Советияб Армиялде. Ккана Туркестаналъул рагъулаб округалде, Туркмениялъул Кушка шагьаралда хехаб рагъулаб хIадурлъиги лъугIизабун, витIана Афгъанистаналда букIараб Советиял аскаразул гIорхъи чIвараб контингенталде. Хъулухъ гьабуна 56 Гвардиялъулаб десанталъул бригадаялда. СайгидгIали вукIана 4 ДШБялъул 10 ротаялъул старшина. ГIахьаллъи гьабуна Кундуз, Имам Сахиб, Пули, Хумри, Герат, Гардез шагьаразда сверухъ ккарал рагъулал тунка-гIусиязулъ, ВатIаналда цебе интернационалияб налъи тIубазабулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло щвана хIукуматалъул рахъалдасан шапакъатал.

ТIадаб налъиги тIубазабун, 1982 соналъ тIадвуссана гIагараб росулъе. Армиялдаса тIадвуссун хадув лъугIизабуна Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институт. ХIалтIана росдал магIишаталъул министерство-



ялда батIи-батIиял хIалтIабазда.

ГIумру гьабун вуго МахIачхъала шагьаралда.

**Багьавудин МухIамадов**

БЕРАЛ КЪАНЩУНИЛАН, КЪАДРУ ХОЛАРО

# МухIамадов Чалаби Бекмирзаевич

ГIумрудул 79 сонги бан, нилъедаса ватIалъана Гумбет районалъул лъайкьеялъул хIаракатчи, лъикIав инсан, щуго лъимадул эмен МухIамадов Чалаби Бекмирзаевич. Районалъул лъайкьеялъе ккана цIикIкIараб ками.

МухIамадов Чалаби Бекмирзаевич гьавуна 1937 соналъул анлъабилеб февралалда Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ.

Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул хIисабалъул факультетги лъугIизабун, хIалтIизе вачIана гIураб росдал школалде. 1962 соналдаса МелъелтIа гьоркьохъеб школалъе нухмалъи гьабуна.

ГIемерал машгъурал, бажари-гъунар бугел хIаракатчагIи рахъана Чалаби МухIамадовас куцарал цIалдохъабазул – гьел руго республикаялъул нухмалъулел идарабаздаги, вузаздаги, цоги бакIаздаги. ЦIалдохъабаз ва гьезул умумуз кIудияб баркала



загьир гьабула Чалаби МухIамадовасе.

Жавабияб куцалда ва ракIбацIцIадго хIалтIи гьабулев, тIадегIанаб, камилаб лъай насибав инсан вукIана Чалаби МухIамадов. Щвалде щвараб хIалтIухъ гьев мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе.

Чалаби МухIамадов ккolaaн Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав учитель, Россиялъул Федерациялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан.

Чалаби МухIамадовасул хIаракатчилъи, сахаб гIамал ва гьес нахъе тараб лъайкьеялъул хIалбихьи нижеда кидаго кIочене гьечIо.

КIудияб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Чалаби МухIамадовасул гIага-божаразда, гьев лъикIав инсан къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе гIумруги кьеги.

**Гумбет районалъул нухмалъулел, лъайкьеялъул отделалъул ва МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул хIалтIухъаби**

НИЛЪ-БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ.
РАГЪУХЪАБИ-ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТАЗУЛ КЪОЯЛДЕ

# Афгъанистаналъул рагъул лъалкIдасан...

## МуртазагIалиев Зайнудин МуртазагIалиевич

**Гьавуна 1967 соналъул 10 сентябралъ Аргъвани росулъ.**

1985 соналъ Аргъвани росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе ана.

ВатIаналда цебе жиндирго интернационалияб налъи тIубазабизе, жиндиего бокьун, Афгъанистаналде ана.

Афгъанистаналда букIараб, Советиял аскаразул гIорхъи чIвараб рагъулаб контингенталда хъулухъ гьабулаго гIахьаллъана гIемерал рагъулал тунка-гIусиязулъ.

1987 соналъ, ВатIаналъул тIалабги ракIбацIцIадго тIубазабун, тIадвуссана гIагараб Аргъвани росулъе.

Руго хIукуматалъул рахъалдасан щварал шапакъаталги.



## МухIамадов Багьавудин НурмухIамадович

**Афгъанистаналда рукIарал рагъулал тунка - гIусиязул гIахьалчи (1980-1982 сонал).**

Гьавуна 1960 соналъул 15 марталъ Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ.

Росулъ 8 классги лъугIизабун цIализе ана Хунзахъ районалъул ТIануси росдал гьоркьохъеб школалде. Гьениб, 9 класс лъугIун хадув, анцIабилеб классалда цIалана Гумбет районалъул Игьали гьоркьохъеб школалда. 1978 соналъ гьеб школаги лъугIизабун цIализе лъугьана Культпросвет училищеялде. 2 курс лъугIун хадув, ВатIаналъул тIадаб борч тIубазабизе, армиялде ана. Хъулухъ гьабизе ккана Туркменистаналде. Гьениб, хехаб къагIидаялъ, рагъулаб хIадурлъиялъул болжалги лъугIизабун интернационалияб налъи тIубазабизе ана, Афгъанистаналда букIараб, Советиял аскаразул гIорхъи чIвараб контингенталде.

Гьениб хъулухъ гьабуна 56 абилеб гвардиялъулаб десанталъул бригадаялда. Афгъанистаналда рахъарал тIоцересел героязул цояв - капитан Козловас нухмалъи гьабулеб 4 батальоналъул, 12 ротаялда хъулухъ гьабулаго гIахьаллъана Кундуз , Баграм, Кандагар, Герат шагьаразда гьарурал рагъулал операциязулъ. Гьединго гIахьаллъи гьабуна, Пактия провинциялъул, Гардез



шагьаралда сверухъ ккарал рагъулал тунка - гIусиязулъ.

ВатIаналда цебе тIадаб налъиги тIубазабун, 1982 соналъул май моцIалъ, гIагараб росулъе тIадвуссана.

Интернационалияб налъи ракIбацIцIадго тIубазабуралъухъ, руго хIукуматалъул рахъалдасан щварал шапакъаталги.

ГIумру гьабун вуго Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ.

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Остерегайтесь осложнения гриппа

**ГРИПП А (H1N1)- это острое высокозаразное инфекционное заболевание, вызываемое пандемичным вирусом гриппа А (H1N1), передающееся от свиньи и человека к человеку, имеющее высокую восприимчивость среди населения с развитием пандемии и характеризующееся лихорадкой, респираторным синдромом и тяжелым течением с возможностью летального исхода.**

НИИ гриппа Минздрава РФ выделяет два очага заболеваемости: один из них - Северо-Запад, второй - Южный федеральный округ.

Сезонные эпидемии гриппа в России ежегодно проходят в период с ноября по май. Около 80% вирусов гриппа, которые циркулируют в этом году на территории Европы и России, приходятся на штамм А (H1N1), или свиной грипп. Вирус легко передается от человека к человеку и вызывает респираторные заболевания разной тяжести. Симптомы аналогичны симптомам обычного гриппа. Заразен и очень опасен.

Нынешний вирус гриппа имеет особенности течения, при которых быстро развиваются осложнения.Вирус гриппа А(H1N1) - результат скрещивания человеческого вируса гриппа А (H1N1) и вируса свиного гриппа, в итоге вирус мутировал и стал высоко патогенным.Источник инфекции – больной человек. Больной человек становится заразным за сутки до появления симптомов заболевания и еще в течение 7 дней от начала болезни. Большое эпидемическое значение имеют потенциальные больные в конце периода инкубации. До 15% больных на фоне лечения продолжают выделять вирус в течение 10-14 дней. Дети могут быть заразны в течение более длительного периода.

**1.Механизмы заражения:**

- аэрогенный (воздушно-капельный путь) - опасны выделения пациента при чихании, кашле - в диаметре 1.5-2 метра;

- контактно-бытовой - опасны выделения пациента на руках окружающих, а также на предметах обихода (столы, поверхности, полотенца, чашки) - вирус сохраняет свои свойства в течение 2х и более часов (занести можно вирус с рук на слизистые ротовой полости и глаз).

Восприимчивость к инфекции всеобщая. Существуют группы риска, по развитию тяжелых форм гриппа А (H1N1);:

дети до 5 лет, взрослые старше 65 лет, беременные женщины, лица с сопутствующими хроническими заболеваниями (хронические легочные заболевания, онкология, заболевания крови, болезни печени, мочевыводящей системы, сердца, сахарный диабет, а также инфекционные иммунодефициты, например, ВИЧ).

Клинические симптомы гриппа А (H1N1), схожи с симптомами обычного сезонного гриппа с небольшими особенностями. Инкубационный период (с момента инфицирования до появления первых жалоб) при свином гриппе длится от суток до 4х дней в среднем, иногда продлевается до недели. Больных беспокоят симптомы интоксикации (высокая температура до 38-39°, выраженная слабость, мышечные боли, тошнота, рвота центрального генеза, то есть на фоне высокой температуры, ломота в теле, вялость). Другая группа жалоб связана с развитием респираторного синдрома (сухой кашель, выраженное першение в горле, чувство нехватки воздуха), а также вероятность быстрого развития одного из осложнений - развитие воспаления легких на ранних сроках (2-3-й день болезни).

Отличием от сезонного гриппа является наличие у 30-45% больных диспепсического синдрома - у больных появляется постоянная тошнота, неоднократная рвота, нарушение стула.

При заболевании детей, неотложную медицинскую помощь нужно вызывать при появлении тревожных симптомов: учащенное или затрудненное дыхание, синюшная или посеревшая кожа, сильная или непрекращающаяся рвота, ребенок не просыпается, повышенная раздражительность, ребенок не выносит, когда его держат на руках, гриппоподобные признаки ослабевают, но затем возвращаются вместе с высокой температурой и усиливающемся кашле.

Одним из опасных осложнений при гриппе является развитие пневмонии. Воспаление легких может явиться следствием воздействия вируса гриппа (первичная); может быть связана с присоединением вторичной бактериальной флоры (вторичная); может быть следствием действия и вируса и сопутствующего наслоения бактериальной флоры (смешанная). Первичная пневмония развивается на вторые-третьи сутки от начала заболевания и характеризуется развитием симптомов острой дыхательной недостаточности.

Вторичная пневмония возникает на 6-10 день от начала заболевания. Чаще всего имеет место пневмококковая обсемененность (у 45% больных), реже золотистый стафилококк (не более 18%), а также гемофильная палочка. Особенностью данной пневмонии будет усиление кашля: он становится мучительным, практически постоянным, на фоне усиления кашля у больного вторая волна лихорадки и интоксикации, пациент практически не принимает пищу. Нарастает боль в грудной клетке при кашле и даже дыхании.

Смешанные пневмонии имеют клинические симптомы и одной, и второй пневмонии, протекают длительно (прогредиентно), трудно поддаются лечению.

Другие осложнения гриппа включают в себя:

перикардит, инфекционно-аллергический миокардит, геморрагический синдром.

Ваши действия при подозрении на грипп:

При обнаружении симптомов гриппа оставаться дома, не выходить в места скопления людей.

Дома оградить окружающих Вас близких от распространения инфекции - надеть маску и менять ее каждые 4 часа.

Вызвать врача на дом. Если вы приехали из эндемичных очагов, то скажите об этом врачу.

Для усиления сопротивляемости организма показан физиологически полноценный рацион с достаточным количеством белка и повышенным содержанием витаминов А, С, группы В. Для снижения лихорадки показан прием достаточного количества жидкости (лучше морсы из черной смородины, шиповника, черноплодной рябины, лимона). Все продукты назначаются в теплом виде, избегаются острые, жирные, жареные, соленые, маринованные блюда. Если надумали бороться с высокой температурой то только парацетамол или ибупрофен, аспирин категорически нельзя. Вирусные инфекции не лечатся антибиотиками.

**2. Медикаментозная терапия включает:**

Противовирусные средства — осельтамивир (тамифлю) и занамивир (реленза), которые существенно влияют на выход новых вирусных частиц из клеток, что ведет к прекращению размножения вируса. Прием тамифлю и реленза рекомендуется в следующих случаях:

Если у пациента есть один из перечисленных симптомов (высокая температура, заложенность носа, кашель, одышка), Выделенный лабораторно вирус гриппа А(H1N1), возрастная группа младше 5 лет, Лица преклонного возраста - старше 65 лет, беременные женщины, людям с тяжелыми сопутствующими заболеваниями и иммунодефицитом, Обычно курс лечения составляет 5 дней, иногда больше в зависимости от тяжести.

Особое внимание уделяется детям и беременным женщинам. Детям - прием аспиринсодержащих препаратов запрещен из-за опасности развития синдрома Рея (энцефалопатия с отеком головного мозга и развитие печеночной недостаточности), поэтому из группы жаропонижающих предпочтение отдается парацетамолу, нурофену. Из противовирусных средств показаны - тамифлю, реленза, виферон 1, гриппферон, реаферон липинд, кагоцел с 3-х лет, анаферон.

Беременным - обильное питье при отсутствии отеков:

при легких формах - из противовирусных средств - виферон в свечах, гриппферон, арбидол, при невозможности принимать таблетки (рвота) - введение панавира внутримышечно; при тяжелых формах тамифлю, реленза, виферон;

для снижения выраженности лихорадки - парацетамол, аскорутин;

при развитии бактериальной пневмонии - цефалоспорины III-IV поколения, макролиды, карбапенемы;

в период эпидемии показана обязательная госпитализация всем беременным с выраженной интоксикацией.

Помните, болезнь легче предупредить, чем лечить.

**Марьям Джанакаева,**
**педиатр Гумбетовского района**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# Полициялъ гIарзабазе жавабал кьезе руго

**2014 соналъул 29 августалда къватIибе бачIараб №736 Россиялъул МВДялъул буюрухъалда рекъон Гумбет ОМВДялда тIадаб буго гIадамазул гIарзал, лъазабиял (телефоналъ, факсалъ, интерналъул кумекалдалъун, жалго полициялъул отделалде рачIун, почалдасан, божарав чиясухъ битIун бачIараб) сордо-къоялъухъ балагьичIого къабул гьаризе.**

ГIарзаялъул халгьабизе чIезабураб заман буго (3 сордо-къо, 10 сордо-къо, 30 сордо-къо, захIмалъиялъухъ балагьун).

Живго гIарзачи вачIани, гьесухъе кьезе бихьизабун буго «талон- уведомление» абураб документ, жинда жаниб лъица къабул гьабураб, щиб номералда регистрация гьабураб, кида къабул гьабураб бихьизеги гьабун.

Нужер щибаб гIарзаялъул мухIканаб халгьабизе буго. Гьабураб хIукмуялъул хIасил лъазабизеги тIадаб буго халгьабулев хIалтIухъанасда, тасамахIлъи биччачIого цо рахъалде цIайи гьабичIого.

Божилъиялъулал телефонал:

Дежурнияб частаялъул телефон: 8 8 727 2-26-204, 8 928 958 08 71, 99-69-1I2.

Отделалъул нухмалъулесул: 8 8 272 26 330, 99-69-11.

Нухмалъулесул заместитель: 8 963 795-66-66, 99-69-13.

**Сайпудин МухIамадгIалиев, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев, жанисеб хъулухъалъул подполковник**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1354
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.